



FLORIDA DEPARTMENT OF
EDUCATION
fldoe.org

**Esplikasyon sou Evalyasyon
Altènatif Estanda Florida
(FSAA) ak sou
Rezilta Pitit ou**

**Bwochi Enfòmasyon
pou Paran**

2016

Lang ki enkli:

English (Anglè)

Spanish (Español)

Haitian Creole (Kreyòl ayisyen)

Nan ki sans Evalyasyon Altènatif Estanda Florida (Florida Standards Alternate Assessment) gen yon enpak sou pitit mwen?

Objektif Evalyasyon Altènatif Estanda Florida (Florida Standards Alternate Assessment, FSAA) a se pou bay chak elèv ki gen yon gwo andikap entelektiyèl, chwa pou patisipe nan sistèm responsabite leta a, yon fason ki siyifikatif epitou ki egzijan sou plan akademik. Patisipasyon pitit ou nan evalyasyon an ka ede enfòmè ak amelyore ansèyman nan salklas la, apatide enfòmasyon y ap genyen sou matyè pitit ou maton ladan yo ak/oubyen nan matyè kote li bezwen amelyorasyon. Eta Florida gen yon sistèm ki baze sou estanda pou tout elèv yo. Estanda Florida (Matematik ak Lang ak Literati Anglè) ak Next Generation Sunshine State Standards (Syans), ansanm avèk Pwen Aksè Korespondan yo, se yo ki detèmine fonksyonman pwogram akademik la, estrateji pedagogik la, ak evalyasyon yo.

Kisa Pwen Aksè yo ye?

FSAA konfòme l konplètman a estanda reyisit altènatif Florida a, ke yo rele tou Pwen Aksè (Access Points). Pwen Aksè yo reflete konsèp kle Estanda Florida a ak Next Generation Sunshine State Standards la a dè nivo kompleksite ki redwi. Yo asire aksè nan domèn esansyèl oswa nan objektif prensipal estanda ki aplike pou tout elèv nan menm klas la. Pou ka jwenn plis enfòmasyon sou Pwen Aksè yo, ale sou sitwèb Sistèm Planifikasyon Pwogram Akademik ak Jesyon Aprantisaj la (Curriculum Planning and Learning Management System, CPALMS) nan <http://www.cpalms.org>.

Ki Domèn Akademik yo evalye?

Yo evalye Pwen Aksè nan domèn akademik swivan yo nan nivo klas ki endike yo.

Nivo Klas	ELA	Matematik	Syans	Aljèb 1 EOC Evalyasyon	Jewometri EOC Evalyasyon	Byoloji EOC Evalyasyon
3	X	X				
4	X	X				
5	X	X	X			
6	X	X				
7	X	X				
8	X	X	X			
9	X					
10	X					
Lekòl Segondè				X	X	X

Ki Nivo Konpleksite ki genyen?

Yo konsevwa sijè FSAA yo yon fason pou yo administre yo kòm Ansanm Sijè. Chak Ansanm Sijè gen ladann twa aktivite ki adrese Pwen Aksè a nan nivo konpleksite k ap ogmante. Tout elèv yo kòmanse yon ansanm sijè nan nivo Aktivite 1 epi yo kontinye travay nan chak nivo konpleksite jouk yo reponn yon kesyon mal oswa jouk yo konplete ansanm sijè a epi yo rive nan nivo Aktivite 3.



- Nivo konpleksite **Aktivite 1** konsantre sou konpetans nan yon nivo konesans akademik pou debitan, tankou pa egzanp rekonèt yon lèt, yon chif oswa pati nan yon ansanm.
- Nivo konpleksite **Aktivite 2** konsantre sou konpetans ki mande idantifikasyon oswa egzekisyon pèfòmans konpetans akademik debaz, tankou pa egzanp, li mo oswa rezoud pwoblèm matematik ki senp.
- Nivo konpleksite **Aktivite 3** konsantre sou konpetans ki mande pou òganize, fè konparezon, ak analize, tankou pa egzanp fè rezime lide prensipal yon istwa oswa rezoud pwoblèm matematik ki pi konplèks.

Kisa FSAA a ye e kijan yo administre l?

- FSAA a se yon evalyasyon ki baze sou pèfòmans. Yo konsevwa l pou elèv ki gwo andikap entelektyèl e ki pa kapab patisipe nan evalyasyon jeneral leta a, menm si yo ta ba yo akomodasyon.
- Se pwofesè edikasyon espesyal elèv la, yon pwofesè sètifye, oswa yon lòt pwofesyonèl lisansye ki travay defason entansif avèk elèv la e ki resevwa fòmasyon nan pwosedi evalyasyon, ki administre FSAA a bay chak elèv endividiyèlman.
- Anjeneral, elèv yo chwazi yon repons pou yon kesyon ki ba yo twa repons ochwa ke yo reprezante sou fòm desen, tèks, chif, ak/oswa senbòl nan yon Tiliv Repons.
- Nan nivo konpleksite Aktivite 1 an sèlman, yon pwosesis yo rele “aprantisaj pwogresif” aplike si yon elèv pa kapab bay yon repons kòrèk pou prezantasyon inisyal la. Lè sa a yo diminye sou kantite opsyon repons yo soti nan twa repons pou rive nan de (2) repons, e yo administre aktivite a ankò bay elèv la.

Kijan yo pral rapòte rezilta pitit mwen an?

Pou chak domèn akademik, yo pral bay pitit ou yon total twa nòt. Twa nòt sa yo pral rapòte pèfòmans pitit ou nan chak nivo kompleksite (nivo Aktivite 1, nivo Aktivite 2, ak nivo Aktivite 3) sou 10 ansanm sijè ki te kontribye nan nòt pitit ou a. Nòt yo bay yo pral reprezante pousantaj aktivite pitit ou fè nòt kòrèk pou yo a sou **kantite total aktivite pitit ou te eseye fè a**. Etandone evalyasyon an gen yon konsepsyon adapte, kote pwogresyon nan pwochen aktivite a depann de si pitit ou reponn aktivite ki te anvan an kòrèkteman, enfòmasyon sou kantite total li eseye fè a, ka varye pou chak nivo aktivite.

MATEMATIK	
Nivo Kompleksite	Rezilta Pèfòmans Elèv
Nivo AKTIVITE 1	7 sou 10 70%
Nivo AKTIVITE 2	2 sou 7 29%
Nivo AKTIVITE 3	1 sou 2 50%

Pa egzanp, si yo administre 8 aktivite nan nivo Aktivite 3 pou yon elèv, e li jwenn bon repons lan pou ladan yo, rezilta pou Aktivite 3 a ap 4 sou 8, oswa 50%.

Pa Aplikab (NA) pral parèt sou tablo a si yo pat administre okenn aktivite pou pitit ou nan nivo Aktivite 2 oswa nivo Aktivite 3 nan yon matyè byen presi.

Kijan yo pral itilize rezilta evalyasyon an?

FSAA a se sèlman yon mwayen pou evalye pèfòmans pitit ou e se pou konsidere l nan kontèks pwogram lokal ak lòt mwayen evalyasyon pou pitit ou a. Yo ka itilize rezilta pitit ou pou:

- idantifye konesans li akèri nan aprantisaj,
- ede ekip IEP a nan devlopman bi ak objektif anyèl,
- enfòme planifikasyon pedagojik la, e pou
- kontwòle pwogrè l ap fè ane apre ane.

Kijan mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Si w pa resevwa Kanè Eskolè pitit ou oswa si w ta renmen gen plis enfòmasyon sou FSAA, kontakte pwofesè pitit ou, Kowòdinatè Distri a, oswa Kowòdinatè Evalyasyon Altènatif la.

Ou ka teledchaje kopi bwochi sa a sou sitwèb FLDOE a nan <http://fldoe.org/accountability/assessments/k-12-student-assessment/fl-alternate-assessment.stml>.



Pam Stewart

Manm Komisyon Edikasyon